

Pou Piblikasyon Imedya: 21/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKONPLISMAN PWOJÈ 7 MILYON DOLA POU  
AMELYORE ENFRAKSTRIKTI ELEKTRIK NAN VILAJ FREEPORT**

***Plasman Nouvo Kab Anba Kanal Freeport yo Pral Pwoteje Etablisman Ijans yo  
Koupi Kouran Pandan Loraj, Avanse Pwosesis Rekiperasyon ak Rezistans lan***

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse akonplisman Pwojè Amelyorasyon Elektrik ki Pase nan Kanal Freeport la (Freeport Channel Crossing Electrical Improvements Project), yon efò plis pase 7 milyon dola pou transfòme enfrastruktik ki kòmanse vyeyi nan vilaj Freeport. Pwojè a, ki te egzekite pa Biwo Gouvènè a pou Rekiperasyon apre Tanpèt (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) kolaborasyon ak Vilaj Freeport, te pèmèt enstale nouvo kab soumaren anba Kanal Freeport la pou kapab pi byen distribye elektrisite nan etablisman ijans yo pandan pàn elektrisite ki lye ak kondisyon meteyewolojik. Pwojè a fè pati efò Vilaj la pou amelyore rezistans enfrastruktik li yo aprè Ouragan Sandy (Superstorm Sandy), ki te pwovoke pàn elektrisite lakay anviwon 3,700 kliyan, ki enkli kazèn ponpye ak lòt batiman kritik, ki limite kapasite kominote a pou lanse operasyon rekiperasyon imedya yo.

"Pandan kondisyon meteyewolojik ekstrèm yo vin nouvèl nòm nan, li esansyèl pou kominote New York yo konstwi yon enfrastruktik rezistan ki favorize sekirite piblik epi ki pa pètibe sèvis gouvènman ak ijans esansyèl yo pandan evènman sa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Akonplisman pwojè sa a pral ede redwi pàn elektrisite pou Nouyòkè k ap viv epi k ap travay nan rejyon an, kreye yon anviwonman ki pi sekirize pou premye repondè ak pèsònèl sèvis yo, epi fè Freeport pi djanm ak pi rezistan pase jan l te ye anvan."

"Aprè pasaj Ouragan Sandy a, New York te louvri wout pou investisman nan enfrastruktik kritik yo epi asire genyen rezistans nan nouvo pwojè yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou konnen ke gwo tanpèt yo rive souvan kounyeya nan eta a ak nan peyi a, epi nou dwe prepare pou sa. Avèk amelyorasyon sa yo nan vilaj Freeport la, n ap rekonstwi yon fason ki pi entelijan pou pwoteje nou kont pàn elektrisite epi asire sekirite tout Nouyòkè yo."

Nan kad Pwojè Amelyorasyon Elektrik ki Pase nan Kanal Freeport la, nouvo kab, potò elektrik ak travès yo---tout konstwi pou reziste ak fenomèn meteyewolojik---te enstale pou ranfòse sekirite enèjetik prensipal distri ekonomik la, Nautical Mile, epi pou pwoteje prensipal byen yo tankou lekòl, kazèn ponpye, estasyon ponpaj ak sirèn pou inondasyon. Desisyon estratejik pou deplase liy elektrik yo anba tè a pral anfen pwoteje

sistèm elektrik Freeport la, pandan y ap redwi ris dife ki lye ak elektrisite ak blese sou moun.

**Emily Thompson, Avoka Jeneral Pwovizwa ak Ofisye Prensipal pou Relasyon Ekstèn yo nan Biwo Gouvènè a pou Rekiperasyon apre Tanpèt te deklare,** "Pàn elektrisite jeneralize pa fè lòt bagay ke ogmante efè kominote yo te resanti pandan ak jou ki swiv fenomèn meteyewolojik enpòtan yo. Nan kad Pwogram Rekonstriksyon Kominote NY Rising yo (NY Rising Community Reconstruction, NYRCR), Gouvènè Cuomo te founi minisipalite ki touche pa tanpèt yo, tankou vilaj Freeport, metòd ak mwayen pou reponn ak bezwen akoutèm ak alontèm yo. Asosye ak lòt pwojè rekiperasyon ki te efekte nan Long Island, Pwojè Amelyorasyon Elektrik ki Pase nan Kanal Freeport la pral kontribye pou pi byen prepare rejyon an pou tanpèt ki toujou rive".

**Senatè John Brooks te deklare,** "Nan yon epòk kote ijans meteyewolojik yo pa fè lòt bagay ke ogmante, se yon obligasyon pou dirijan nou yo pran mezi nesèsè pou pwoteje byen enpòtan yo nan kominote a. Yo te twouve sistèm elektrik Freeport la vilnerab pou fè fas ak gwo move tan apre pasaj Ouragan Sandy a, ki te fè liy elektrik yo tonbe an pàn, pàn elektrik rezidansyèl ak pèt elektrisite esansyèl pou enfrakstrikti sèvis ijans yo. Akonplisman pwojè sa a kapab epi pral pèmèt sove lavi ak ekonomize lajan pandan pwochen tanpèt la oswa lòt katastwòf majè ki pral frape Long Island. Mwen felisite Biwo Gouvènè a pou Rekiperasyon apre Tanpèt la pou mezi yo te pran pou pwoteje kominote yo de katastwòf ki gen pou vini yo pandan y ap tire leson de ansyen vilnerablite nou yo".

**Judy Griffin, Manm Asanble, Manm Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Asanble Eta New York la (New York State Assembly Environmental Conservation Committee), te deklare,** "Akonplisman Pwojè Amelyorasyon Elektrik ki Pase nan Kanal Freeport la vrèman amelyore pàn elektrisite ki lye ak kondisyon meteyewolojik yo, menmjan li te ye pandan Ouragan Sandy a. Se yon gran pa an avan nan amelyorasyon sekirite enèjetik distri a, espesyalman rejyon prefere Nautical Mile Freeport la epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te jwenn gwo finansman sa a".

**Majistra Freeport la, Robert T. Kennedy te di,** "Rezidan ak antrepriz yo vrèman apresye preyokipasyon Gouvènè Cuomo konsènan rezistans Konte Nassau ak Freeport apre Ouragan Sandy a".

Nan Konte Nassau, youn nan rejyon eksteryè ki plis peple nan Vil New York la, gran etandi tè te inonde, gwo debri te epapiye epi wout te bloke, menmjan tou ak liy elektrik ki te konpwomèt ki te anpeche sikilasyon ak pàn elektrisite. Nan Kanal Freeport, navi yo te souleve de pò sèch yo pandan bato ak lòt debri te frape liy tiraj ak kondwi yo. Enfrakstrikti sa a, ki fèt depi nan ane 1967, te founi elektrisite ak yon ka nan Freeport. Freeport Electric, ki se pi gran konpayi sèvis piblik minisipalite Long Island, sèvi plis pase 43,000 kliyan.

Gouvènè Cuomo te etabli Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising (NYRCR) lan nan 2013 apre Ouragan Sandy, Siklòn Irene ak Tanpèt Twopikal Lee pou responsabilize abitan yo nan pwosesis rekiperasyon ak rezistans lan, epi adrese bezwen espesifik ak byen kominote yo. Pwojè Amelyorasyon Elektrik ki Pase nan Kanal Freeport la twouve l pami plizyè santèn pwopozisyon ki te elabore lokalman nan kad Pwogram NYRCR a nan tout eta a, ki enkli elaborasyon yon nouvo Sistèm Jesyon Pàn Elektrisite 300,000 dola pou vilaj Freeport la, ki te devwale nan otòn 2018 la.

Biwo Gouvènè a pou Rekiperasyon apre Tanpèt la ki te etabli nan mwa Jen 2013 la, kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou Ouragan Sandy, Ouragan Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee. Atravè Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising, pwogram Ti Bisnis (Small Business), pwogram Rekonstriksyon, Enfrastrikti Kominotè ak Rekonstriksyon apati Konsepsyon (Community Reconstruction, Infrastructure and Rebuild by Design programs) li yo, GOSR investi 4.5 milya dola nan Sibvansyon Global Devlopman Kominotè - Rekiperasyon apre Dezas (Community Development Block Grant-Disaster Recovery) federal la pou pi byen prepare New York pou evènman meteyowolojik ekstrèm yo. Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou entènèt nan <http://stormrecovery.ny.gov/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)